К-9-1-9

Диктант

Лъэпкъ дамыгъэхэр

Еджагъэшхуэхэр щыхьэт зэрытехъуэщи, лъэпкъ дамыгъэхэр ижь-ижьыжым, нэгъуэщу жыпвэмэ, тхыдэтхэхэр патриархатквэ зэджэу щыта лъэхъэнэм къежьащ. Ар къыщвежьам и щхьэусыгъуэр къызэрыгуэкв дыдэт: зы лъэпкъым и вэщыр адрейм хэмызэрыхьын щхьэквэт. Зи гъащвэр шым епха зэпытурэ къэгъуэгурыкву адыгэхэр ди лъэхъэнэм и япэ лвэщвыгъуэхэм хуэквуащ шы гуартэ гъэхъуквэм, абы къыдэквуэуи, я псэуквэм куэдквэ зихъуэжащ: я хабзэр нэхъ куу, я вуэрывуатэр нэхъ гъэщвэгъуэн, я зэхэтыквэр нэхъ убзыхуа хъуат.

Пасэрей лвакъуэ псэуквэр шухьу, щхьэ закъуэ мылъку зивэхэр къыщыунэхуа лъэхъэнэм къыдежьащ дзэзешэхэм, лвакъуэ тхьэмадэхэм, динырылажьэхэм, квэщву жыпвэмэ, тепщэ хъуахэмрэ абыхэм я пыхъуэпышэхэмрэ я дамыгъэхэр. Хуэм-хуэмурэ дамыгъэхэр хъуащ зей лъэпкъым, лвакъуэм и къеквуэквыквар, и къуэпсыр щидза далэр къызэрахутэ, абыхэм щыхьэт тихъуэ вуэхуу. Лъэпкъым къыдеквуэкв хабзэхэм щвэблэр хуэпэжу, адэжьхэм я деж жэуап щахьу, щхьэж къызыхэква лъэпкъым и напэр имыгъэуквытэу дунейм тетынымквэ щвэгъэкъуэн хъарзынэщ дамыгъэхэр.

Апхуэдэу лъэпкъ дамыгъэхэр цвыхухэм и пщвэр навуэ зыщв нагъыщэу щытт. Псалъэм папщвэ, Хьэтвохъущэкъуэхэ я дамыгъэ зытет шы утесмэ, пэрыуэ щымывэу хамэщв куэдым къыщыпквухь хъууэ щытащ.

50б.

Лэжьыгъэхэр:

2. Псалъэхэр зэрызыхэт выхьэквэ зэпкърыфх:

динырылажьэхэм, къыщыпквухь.

3. Псалъэухар синтаксис и лъэныкъуэквэ зэпкърыфх:

Лъэпкъым къадеквуэкв хабзэхэм щвэблэр хуэпэжу, адэжьхэм я деж жэуап щахьу, щхьэж къызыхэква лъэпкъым и напэр имыгъэуквытэу дунейм тетынымквэ щвэгъэкъуэн хъарзынэщ дамыгъэхэр.

20б.